

Aplike pou Èd pou Katastwòf

Aplikasyon sou Entènèt oswa Smatfòn: Reskape katastwòf yo ka aplike pou Pwogram Endividyèl ak pou Moun nan kay oswa yo ka verifye eta aplikasyon yo nan www.DisasterAssistance.gov. Reskape katastwòf yo ka gen aksè nan FEMA tou avèk smatfòn yo si yo telechaje aplikasyon an nan www.fema.gov oswa nan magazen aplikasyon founisè mobil yo.

Nan telefòn: Reskape katastwòf yo ka rele FEMA gratis nan 800-621-3362 pou yo enskri pou èd oswa pou verifye eta aplikasyon yo. Reskape katastwòf ki soud, ki tandè di, oswa ki gen yon andikap nan lapawòl epi ki sèvi ak yon Telefòn Tèks (TTY) ka rele nan 800-462-7585. Reskape katastwòf ki itilize 711 oswa VRS (Sèvis Relè Videyo) ka rele nan 800-621-3362.

Fizikman: Vizite yon Sant Rekiperasyon apre Katastwòf.

- Pou jwenn anplasman yo, verifye aplikasyon mobil FEMA a nan www.fema.gov/mobile-app oswa rele nan 1-800-621-3362, osnon vizite www.DisasterAssistance.gov.
- Manm ekip Èd pou Reskape Katastwòf yo ka fè vizit kay-apre-kay nan zòn ou an. Y ap gen idantifikasyon ofisyèl FEMA ki gen foto yo sou li.

KISA pou ou FÈ si OU PA DAKÒ avèk LÈT DESIZYON FEMA A



OU GEN DWA POU KONTESTE DESIZYON FEMA PRAN SOU
KALIFIKASYON AN ANSANM AK MONTAN SIBVANSYON AN.

Kilè mwen dwe soumèt apèl mwen an?

Ou dwe soumèt apèl ou a nan **60 jou** pou pita apre dat ki sou lèt notifikasyon sou kalifikasyon ou an.



Kisa mwen dwe bay?

Yon eksplikasyon alekri ki siyen ki endike poukisa ou kwè desizyon FEMA a pa kòrèk ak kopi nenpòt dokiman ki kore apèl ou an ansanm ak prèv pèt ou fè yo akòz katastwòf la.

Ou dwe mete nan tout dokiman ou soumèt yo, tout Non ou nèt, Nimewo Aplikasyon FEMA ou an ak Nimewo Katastwòf ou, adrès rezidans ou avan katastwòf la, ak nimewo telefòn ak adrès ou gen kounye a. Nimewo sa yo enprime nan Paj 1 nan Lèt Desizyon ou an, anwo non ou ak adrès ou.

Ki kote pou mwen voye apèl mwen an?



Voye li pa lapòs nan:
FEMA
P.O.Box 10055
Hyattsville, MD 20782-8055

Oswa



Fakse li nan:
800-827-8112
Attn: Ofisye pou Apèl yo nan
FEMA (FEMA Appeals Officer)

Konbyen tan sa pral pran anvan pou mwen konnen si yo apwouve oswa si yo refize kontestasyon mwen an?

Ou pral resevwa yon lèt desizyon ki sot nan FEMA nan **90 jou** oplita apre FEMA resevwa kontestasyon ou an.

Pou verifye nan ki eta kontestasyon ou an ye, oswa pou avèti FEMA pou nenpòt chanjman nan adrès postal ou oswa nan enfòmasyon pou kontakte ou, tanpri vizite www.DisasterAssistance.gov epi chwazi Check Your Application Status (verifye eta aplikasyon ou an), oswa rele Sèvis asistans nan telefòn FEMA a nan 800-621-FEMA (3362)

Kiyès mwen ka rele si mwen gen kesyon konsènan apèl mwen an?

Rele Sèvis asistans nan telefòn FEMA a nan 800-621-3362 (vwa/711/VRS). Pou Panyòl, peze 2. TTY: 800-621-3362. Oswa ale sou: www.DisasterAssistance.gov.

Èd Apre yon Katastwòf

Èd Endividyèl FEMA Ka Ede Ou Rekipere

FEMA B-545/Avril 2019



Kijan FEMA ka ede ou?

Èd nan men FEMA ka ede ou menm, ansanm ak moun nan kay ou ki afekte nan yon katastwòf pou nou fè fas ak depans ki nesèsè yo ak bezwen grav ki pa kapab satisfè nan asirans oswa lòt fòm èd yo.

Èd pou Lojman:

Èd pou Lojman an ka bay yon èd finansye oswa èd dirèk, ki gen ladan:

Èd pou Lwaye: Èd finansye pou lwe lojman tanporè pandan y ap fè reparasyon nan kay prensipal ou akòz katastwòf la, oswa pandan w ap fè tranzisyon pou ale nan lojman pèmanan.

Ranbousman Depans pou Lojman: Èd finansye ki ranbouse depans pou lojman pou yon ti tan.

Reparasyon Kay: Èd finansye pou pwopriyete kay pou repare domaj katastwòf la te lakòz nan kay ki pa gen asirans. Objektif èd la se pou repare kay la pou li vin nan yon kondisyon ki san danje epi ki sanitè pou viv oswa pou fonksyone.

Ranplasman Kay: Èd finansye pou pwopriyete kay ki dwe ranplase oswa rekonstwi kay prensipal yo akòz katastwòf la.

Lojman Dirèk: Nan sikonstans limite kote pa gen resous disponib pou bon lojman tanporè nan yon distans trajè ki rezonab, FEMA ka bay pwopriyete kay yo ak lokatè yo yon inite lojman tanporè dirèkteman.

Èd pou Lòt Bezwen:

Pwopriyete Pèsonèl: Èd finansye pou repare oswa pou ranplase atik òdinè nan kay la ki gen ladan, men se

pa sa sèlman, mèb, aparèy nan kay, zouti esansyèl ak ekipman pou asistans ki bay sipò pou aktivite lavi chak jou yo.

Medikal/Dantè: Èd finansye pou peye pou depans medikal oswa dantè oswa pou pèt katastwòf la lakòz. Sa gen ladan l, men se pa sa sèlman, sèvis lopital ak anbilans, medikaman, ak reparasyon oswa ranplasman aparèy oswa teknoloji pou asistans ki nesèsè sou plan medikal.

Antèman: Èd finansye pou depans ki fèt akòz yon lanmò oswa kadav ki detere akòz katastwòf la dirèkteman oswa endirèkteman. Depans yo gen ladan, men se pa sa sèlman, pri pou yon sèkèy oswa po, ak sèvis lantèman.

Gadri Timoun: Èd finansye pou ogmantasyon pri gadri timoun akòz katastwòf la. Depans ki kalifye yo gen ladan yo depans pou gadri timoun ki gen laj 13 lane oswa mwens ak/oswa timoun jiska laj 21 lane ki gen yon andikap, ki bezwen èd pou aktivite nan lavi chak jou yo, jan li defini nan lwa Federal.

Depans Divès: Èd finansye pou achte atik presi ou pa te posede anvan katastwòf la. Yo ka gen ladan, men se pa sa sèlman, atik tankou yon vakyòm imid/sèk, goyin si amotè, oswa yon dèlko pou yon aparèy ki nesèsè pou rezon medikal.

Transpò: Èd finansye pou repare oswa pou ranplase yon veyikil katastwòf la andomaje.

Depans pou Demenajman ak Depo: Èd finansye pou bwote tanporèman ak estoke pwopriyete pèsonèl ki te nan kay prensipal ki andomaje a pandan y ap fè reparasyon yo. Yo ka bay èd tou pou bwote atik

esansyèl nan kay pou mete yo nan yon nouvo kay prensipal.

Netwayaj ak Eliminasyon: Èd finansye pou sèvis pou elimine kontaminan ak dezenfekte zòn sifas kay dlo inondasyon te afekte.

Bezwen Kritik: Èd finansye pou aplikan ki gen bezwen touswit oswa ki gen bezwen kritik paske yo deplase nan lojman prensipal yo.

Kritè Kalifikasyon pou Èd pou Lojman ak Lòt Bezwen:

- Pèt pou katastwòf ou yo dwe nan yon zòn katastwòf prezidan an deklare;
- Yon moun nan kay ou dwe yon sitwayen ameriken, yon resòtisan ki pa sitwayen, oswa yon etranje ki kalifye;
- Ou gen depans ki nesèsè oswa bezwen grav akòz katastwòf la asirans pa kouvri, oswa ou te depoze yon reklamasyon nan asirans men avantaj ou yo pa sifi pou kouvri depans ou yo, oswa asirans oubyen lòt sous pa te kouvri dega ou yo.

Lòt Pwogram Èd Endividyèl FEMA yo

Konsèy Pou Kriz: Ede moun yo ak kominote yo reprann yo apre efè yon katastwòf gras ak sèvis asistans ak sèvis edikasyon yo bay ki baze nan kominote yo.

Chomaj akòz Katastwòf: Bay avantaj pou chomaj ak sèvis èd pou tounen travay pou reskape ki afekte nan yon gwo katastwòf Prezidan an deklare. Sèvis sa yo sou responsablite Depatman Travay Etazini epi se responsab jesyon ijans nan gouvènman Eta, lokal, Teritwa, oswa Tribi nan zòn ki afekte a (yo) ki administre yo.

Sèvis Jiridik pou Katastwòf: Bay èd jiridik gratis pou moun ki gen revni fèb ki pa kapab jwenn sèvis jiridik otreman pou reponn a bezwen yo anrapò ak katastwòf yo.

Jesyon Ka pou Katastwòf: Ede moun ki gen bezwen ki pa satisfè ke katastwòf la lakòz grasa devlopman ak mizanplas yon Plan Rekiperasyon pou Moun k ap viv nan yon Kay.

Èd Ajans Patnè

Pou reponn a bezwen reskape katastwòf yo, FEMA asosye avèk lòt ajans gouvènmantal ak non-gouvènmantal yo.

FEMA travay avèk Administrasyon Ti Biznis Etazini (U.S. Small Business Administration) pou ofri prè pou katastwòf avèk to enterè ba pou pwopriyete kay yo ak lokatè yo nan yon zòn katastwòf deklare. Ou pa oblije posede yon biznis pou aplike pou yon prè pou katastwòf.

Aprann plis sou fason pou aplike pou yon prè pou katastwòf oswa konsènan èd ki disponib bò kote lòt patnè FEMA yo nan:

www.DisasterAssistance.gov.